NYC Consumer and Worker Protection

Mbir yiñ wara saytu: Jaaykatu Lekk buy Wër

Ndax da ngay jaay wala ngay joxe ñu jaayal la lekk ci barab bu ñépp di daje mel ni mbédd mi wala ci torotuwaar bi?

Li aju ci yoonu Daganal Jaaykatu Lekk buy Wër:
Banxaas bu Yore wàllu Wergu-yaram ak Toppatoo Xel (DOHMH) defar na juróom benn (6) xeeti Permi Jaay Lekk. Juróom yi Biennal lañu (sàkku ñu yeesal ko ñaari at yu nekk). Benn bi ci At mu nekk (sàkku ñu yeesal ko at mu nekk) Permi yi:

1. **Gox bi yépp (at mi yépp) (Ñaari at):** Ñi am permi mën nañu jaay ci at mi yépp ci Mbedd mi ci dëkk dëkkaan yépp.
   - Am na itam permi buy dox ci gox bi yépp te ñu jagleel ko wey Laago yi Mag ñi/Nit yu amee Laago/Mag yu amul Laago.
2. **Meengook dëkk dëkkaan (suñ ci génnee Manhattan) (Ñaari at):** Ñi am permi mën nañu jaay ci at mi yépp ci Mbedd mi ci Bronx, Brooklyn, Queens, wala Staten Island.
3. **Firiwi & Lejum (Kàrt bu Wert) (Mengook dëkk dëkkaan) (Ñaari at):** Ñi am permi mën nañu jaay ay firiwi, lejum, ndox ak ay ingerejen yu ñor kase ci at mi yépp ci Mbedd mi ci dëkk dëkkaan yépp waaye ci ay barab yu Poliis bi tann kese lañ koy mëna defee.
4. **Barab buñu tànn ci Gox bi yépp (Ñaari at):** Ñi am permi mën nañu jaay ay ci ay barab yu benne wala ci barab yu nekk ci yoonu ate NYC Parks. Jaay ci ay barab yuñu piriwe dafay laaj borom barab bi defal la ab baay.
5. **Xejjiku (Mag yi amee laago lañ ko jagleel ak seeni Njaboot/Soxna) (Ñaari at):** Ñi yore permi mën nañu jaay ci at mi yépp waaye ci NYC Park kase lañ ko mëna amalee.
6. **Sasoñe (Ci Gox kese) (At nu nekk):** Ñi am permi mën nañu jaay ci Mbedd yi ci dëkk dëkkaan yépp bawoo 1 fan ci weeru Awril ba 31 fan ci Oktoobar.

Karmat: Ngir am ci yeneeni leeral ci permi yii, demal nyc.gov/health

Jëfandikool lim bii ngir jàng li sunuy saytukat nekk di seet te ñu moytu jalgati yi. Ngir li baax ci yaw, bépp Càkkutéef am na pàccu yoon ak/wala sàrt, ngir nga mën ci sukkandiku ngir am yeneeni leeral. TOMB bii ci suuf dafay wone wax ak màndarga yuñuy jëfandikoo ci lim bii.

Lim bii du dox ci jaaykati lekk yuy wër yuy liggéey ci NYC Park.

TOMB
NYC Code: Kotu administratif bu New York **RCNY:** Sàrti Dëkku New York **§**: Pàcc **§§**: Pàcc

Càkkutéef		**Matal nga càkkutéef?**
Sañ-sañ yi		
1	Da nga wara am ab këyitu daganal Njaayum Lekk di Wër Food Vendor bula Department of Health and Mental Hygiene (DOHMH) di jox. **Dénkaane:** Jaay, luwe, wala joxe ñu jaayal la ay marsàndiis wala ay sàrwiis, bokk na ci lékk, ci barabu askan wi bokk dafay laaj ab këyitu daganalu Jaaykatu lépp buñuy jëlee ci Department of Consumer and Worker Protection (DCWP, formerly Consumer Affairs). **Dénkaane:** Jaay ay màrsandiis ci Fuwaaru mbédd buñu nangu maanaam, fuwaaru Mbedd, barabu feccukaay, wala festiwaal) dafay laaj ab Permi Jaay ci Fuwaaru Mbédd bu Négangiku ci DCWP.	☐ Waaw
	NYC Code §17-307(a)(1)	

NYC Consumer and Worker Protection

Mbir yiñ wara saytu: Jaaykatu Lekk buy Wër

Càkkutéef		Matal nga càkkutéef?
2	Sa puus-ouus wala ndamaar dafa wara am ab permi DOHMH Jaaykatu Lekk buy Wër.	☐ Waaw
	NYC Code §17-307(b)(1)	
3	Da nga wara sol sa këyitu daganal DOHMH Jaakatu Lekk bu Wër ngir liggéeykat yu yore wàllu saytu gi mën ko gis saa su nekk.	☐ Waaw
	NYC Code §17-311(b)	
4	Da nga wara taf otokolan Permi Jaaykatu Lekk buy Wër ak baaxaayu bataaxal bi ci puus-puus bi wala ci ndamaar bi ngir askan wi ak liggéeykat yu yore wàllu saytu gi mën ko gis saa su nekk. **Dénkaane:** Soxlawul permi di nekk ci turu jaajkat bi.	☐ Waaw
	NYC Code §17-311(c)	
5	Da nga wara am permi jaaykat bu xejjiku ngir jaay ci torotuwaar bi ci biti park bi.	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(i)	
6	Ñi yore permi ci ay barab yuñu yemale mënu ñu jaay ci barab buñu jagleel askan wi.	☐ Waaw
	NYC Code §17-307(b)(1)	
Ñi Yore Kàrt bu Wert bi		
7	Ay firiwi ak ay lejum, ndox, wala ay doomi ingerjen yu ñor kese nga mëna jaay.	☐ Waaw
	NYC Code §17-307(b)(1)(c)	
8	Mën nga ko amal ci dëkk dëkkaan bi ak poliis bi nga amee permi.	☐ Waaw
	NYC Code §17-311(d)	
Barab		
Barab buñu yemale ci jaay wala xaarandi yuñu yemale		
9	Doo mëna jaay ci “Barabu World Trade Center” bii ci suuf (boole ci ñimu bokkal foroñceer ci wetam) ci Manhattan : • Foroñceeru penku: feete penku Broadway • Foroñceeru bëj-saalum: bëj-saalumu Liberty Street • Foroñceeru Soowu: soowu West Street • Foroñceeru bëj-gannaar: bëj-saalumu Barclay Street *Yi ci bokkul:* Jaaykati Lekk yuy Wër mën nañu jaay ci yile mbédd: • Broadway digante Barclay Street ak Vesey Street • Penku West Street digante Barclay Street ak Vesey Street • Bëj-saalumu Barclay Street digante Church Street ak Broadway	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(k)(1)	

NYC Consumer and Worker Protection

Mbir yiñ wara saytu: Jaaykatu Lekk buy Wër

Càkkutéef		Matal nga càkkutéef?
Barab buñu yemale ci jaay te am yemale		
10	Mënu loo jaay ci barab yii ci suuf ci Manhattan: • Greenwich Street digante Liberty Street ak Thames Street • Penku Broadway digante Barclay Street ak Park Place • Liberty Street digante Trinity Place and West Street • Penku West Street digante Liberty Street ak Cedar Street • Soowu Trinity Place digante Liberty Street ak Thames Street	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(k)(1)	
11	Do mëna jaay ci biir 20 pieds ci cafés yu nekk ci torotuwaar bi, estand yi, ay Palaas yu yaatu, wala Restoraŋ yu yaatu.	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(d)	
12	Do mëna jaay ci biir 10 pieds ci ab rond-point nekk ci ab sëlëbe yoon, buntu metro yi, wala ci tali yi.	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(e)	
13	Do mëna jaay: • ci biir ab kaar wala ab taksi wala ci torotuwaar bu jege ab barab “buñuy tere taxaw” bu nekk ci wetu lopitaal bi • ci ab mejan ludul mejaan bi dafa nekk ci santar komersiyaal wala plaza (am palaas buñu jagleel doxkat yi)	☐ Waaw
	NYC Code §§17-315(e), 17-315(h)	
Palaasé ak Fësalukaay		
14	Ci ay puus-puus wala ab ndamaar kese nga koy mëna defee.	☐ Waaw
	NYC Code §17-307(b)(1)	
15	Da nga wara bàyyi gën ga neew ci ab yoon bu toll ci 12 pieds ci torotuwaar bi doxkat yi di jaar. **Dénkaane:** Ñoo ngi nàtt digante bi ci ab kër ci bépp baaraasu torotuwaar (niki tegukaayu welo, càttu safara, pano yi) wala, sudee amul benn baraas, ci torotuwaar bi.	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(a)	
16	Sa puus-puus ci wetu torotuwaar bi nga ko wara teg.	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(a)	
17	Sa puus-puus, ndamaar, mànsandiis bi ngay jaay, ak bépp yëf bu lëkkalook sa njaay mënul laal benn tabax wala barabu liggéeyukaay (maanaam., potu-lamp, parkomeetar, boyetu bataaxal, poto siñaalisasiyoŋ, bornu safara, boyetu garab, baŋ, làquwaayu biis, pubel wala bariyeeru dem ak dikk).	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(b)	
18	Di nga mëna jëfandikoo bayal bi ci saasi kese ci sa suufu puus-puus wala sa ndamaar ngir denc ay mbir yuñuy jaay.	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(c)	

NYC Consumer and Worker Protection

Mbir yiñ wara saytu: Jaaykatu Lekk buy Wër

Càkkutéef		Matal nga càkkutéef?
19	Sa puus-puus war na doon gën ga neew 20 pieds bawoo ci buntu dugukaay bi wala génnukaayu kër gumu mëna doon.	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(d)	
20	Da nga wara am dara ci sa puus-puus ngir àar lekk gi ak jumtukaay bi ci ay feebar. **Dénkaane:** Mën nga jëfandikoo ab parasol buñu mëna tiji di tëj.	☐ Waaw
	24 RCNY §6-04(o)	
21	Wet bi gëna gudd ci sa puus-puus wala sa ndamaar dafa wara jaakarlook ak moom ak ci wetu torotuwaar bi.	☐ Waaw
	24 RCNY §6-06(a)	
Leneen		
22	Sudee sa puus-puus wala sa ndamaar dafa nekk ci tali bi (maanaam, ci bayaali parking), da nga wara topp yooni tarafik ak parking yépp.	☐ Waaw
	NYC Code §17-315(f)	
23	Do mëna liggéey ci ab bayaalu parking bu am nattukaay.	☐ Waaw
	34 RCNY §4-08(h)(7)	
Wane njëg yi		
24	Ngir mbir yépp yuñuy jaay, da nga wara wone njëg li, juuti yu ci bokk, nii ñu ko wonee: • Ci mbir bu benne ci tampoŋ, juñj wala etiket. WALA • Ci ab mandarga bu ñépp mëna gis fiñu wone mbir mi.	☐ Waaw
	NYC Code §20-708	
Mbaliit		
25	Mënu lo tek say mbaliit ci tali bi.	☐ Waaw
	NYC Code §16-118	
26	Do mëna sànni mbaliit mi ci ay pubelu yuñu jagleel askan wi.	☐ Waaw
	NYC Health Code, 24 RCNY Art. 89.25(a)	
27	Benn ndox, mbaliit wala lékk warul joxe ci puus-puus bi wala ndamaar bi.	☐ Waaw
	NYC Health Code, 24 RCNY Art. 89.25(c)	

Ngir am yeneeni leeral: **Demal ci** nyc.gov/BusinessToolbox | **Jokkool ak ci 311** (212) NEW-YORK (Soo nekkul New York)

Joxey leeral kesee taxa jog wayndare wii, waxul ci lépp te nekkul këyit wu yoon joxe xalaatam wala dénkaane. Barabu liggéeyukaayi dëkkub New York yépp dañu wara sàmmonte ak digle yi te moytu lu dëkk bi tere. Këru liggéey yi ñoo yelloo xam ak sàmmonte ak dénkaane yi te moytu lépp luñuy tere seenub liggéey ci dëkk bi.